*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№132 (26584)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 25 июль – сусæны мæйы 25 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД *Фæндаггон-транспортон къабазы рæзт*
3 ÆНЦОЙБОН *Тематикон фарс*
4 ÆФСÆДДОНТЫ ЕРЫСТÆ *Хъыбыллæ æмæ картæйы æххуысæй*

**Æмбырд**

## Ахсджиаг стратегион къахдзæф

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг АТАРТЫ Георгийы разамындæй цы кусæг æмбырд ацыд, уым æркастысты, федералон паддзахадон географион информацион системæ «Иугонд цифрон платформæ «Тыгъдадон бæрæггæнæнты национ системæ» («Единая цифровая платформа «Национальная система пространственных данных») регионы царды куыд уагъд цæуы, уымæ. Архайдтой дзы æххæстгæнæн хицаудзинады оргæнты разамонджытæ æмæ республикæйы районты бынæттон хиуынаффæйады администрациты минæвæрттæ.**



Цæгат Ирыстоны æххæст кæнын райдыдтой, ацы азы кæронмæ Уæрæсейы Федерацийы æппæт субъектты фæзуатыл дæр пайда кæнын кæмæй райдайдзысты, уыцы иугонд цифрон платформæ «Тыгъдадон бæрæггæнæнты национ системæ».

Куыст цæуы технологион цыд æмæ рæзт фæхъомысджындæр кæныныл. Иугонд цифрон платформæ баиу кæндзæн зæхх æмæ æнæзмæлгæ мулчы объектты тыххæй бæрæггæнæнтæ, иу ресурсыл æрæмбырд кæндзæн дзыллон кадастрон картæтæ, хъæутæ æмæ горæтты арæнтæ, сæрмагонд хъахъхъæнинаг фæдзæхст бынæттæ æмæ афтæ дарддæр.

Атарты Георги 2026 азы ноябры кæронмæ бахæс кодта хъæугæ мадзæлттæ саразын æмæ райдайын паддзахадон æмæ муниципалон лæггæдтæ Тыгъдадон бæрæггæнæнты национ системæйы æххуысæй дæттын. Куыд бахахх кодта, афтæмæй платформæйæ пайда кæнын у ахсджиаг стратегион къахдзæф, йæ руаджы республикæйы фæзуæттимæ архайын æнцондæр у, бæрзонддæр кæны паддзахадон лæггæдтæ дæттыны хæрзхъæддзинад.

– Арæзтад æмæ Финансты министрадтæ иумæ хъуамæ алыг кæной хъæугæ æхцайы фæрæзты фарста, дарддæр та «Росреестр»-имæ иумæ æркæсын хъæуы техникон хæслæвæрды фарстамæ: модуль хъуамæ йе 'ппæт дæр уа автоматизацигонд. 1 августмæ уыцы куыст бакæнын хъæуы, цæмæй ноябры кæронмæ федералон æмæ регионалон информацион системæтæ платформæйы баиу уой, – фæбæрæг кодта Атарты Георги.

Цифрон платформæйы рæзт æмæ æмбæлгæ куысты, республикæйы бынæттон хицаудзинады оргæнтæ территориалон пъланарæзт æмæ горæты нывæзты зонæты документтæ паддзахадон информацион системæмæ бахæссыны тыххæй æмбырды архайджыты базонгæ кодтой республикæйы паддзахадон исбон æмæ зæххытимæ ахастдзинæдты министры хæдивæг **Датиты Олег** æмæ арæзтад æмæ архитектурæйы министры хæдивæг **Быдтаты Сергей.**

Тыгъдадон бæрæггæнæнты национ системæ æркусын кæнынмæ цæттæгæнгæйæ, «Росреестр»-ы Цæгат Ирыстоны управлени республикæ æмæ районты бынæттон хиуынаффæйады оргæнтимæ иумæ ныридæгæн комплексон кадастрон куыстытæ сæххæст кодтой, бацæттæ кодтой æнæмæнгхъæугæ картографион æрмæджытæ, Иугонд паддзахадон æнæзмæлгæ мулчы реестрмæ (ЕГРН) сæ бахастой. Æххæстгонд æрцыдысты кадастрон хыгъдмæ хаст регионалон исбон æмæ муниципалон объекттыл бартæ райсыны паддзахадон регистрацийы куыстытæ.

Тыгъдадон бæрæггæнæнты национ системæйы руаджы федералон æмæ регионалон хицаудзинады оргæнтæн сæ бон уыдзæн оперативон æгъдауæй кæрæдзийæн хъæугæ бæрæггæнæнтæ дæттын, граждæнтæ æмæ бизнесы бон уыдзæн æнцонæй информаци райсын, æмткæй райсгæйæ, фæфылдæр уыдзысты регионтæм инвеститæ æрбаздахыны гæнæнтæ.

Уымæй уæлдай, тыгъдадон бæрæггæнæнты национ системæйы сервисты руаджы граждæнтæн фенцондæр уыдзæн информаци æмæ лæггæдтæ райсын дæр.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Сесси**

## Геноцид бавзарæг советон адæмты истори

**Дыууæ боны дæргъы Пятигорскы информацион центр ТАСС-ы фæзыл йæ куыст кодта стратегион сесси. Ныхас цыд 1941-1945 азты Цæгат Кавказы федералон зылды геноцид бавзарæг советон адæмты нæмттæ сæнусон кæныныл. Уыдæттæ конд цæуынц федералон закъонмæ гæсгæ.**

**Жанна Алексеева** дæр æгасцуай загъта стратегион сессийы архайджытæн, фæбæрæг кодта историон цауы фæстиуджытæ, геноцид бавзарæг адæмты нæмттæ рохуаты уадзæн кæй нæй, уый дæр. Сессийы раныхас кодтой Паддзахадон Думæйы депутат **Ольга Занко, Илья Сидоренко** æмæ æндæр бæрнон адæймæгтæ.









Архайынц дзы Уæрæсейы Президенты цур Историон зæрдылдард бахъахъхъæныны национ центры разамонæг **Елена Малышева**, регионалон æмæ федералон дзыллон хабархæссæг фæрæзты разамонджытæ, экспертæ. Онлайн-бастдзинады руаджы сессийы куысты сæ бон архайын у Цæгат Кавказы федералон зылды дзыллон хабархæссæг фæрæзты кусджытæн.

Рæгъмæ рахастæуыд, «1941-1945 азты Цæгат Кавказы федералон зылды геноцид бавзарæг советон адæмты нæмттæ сæнусон кæныны тыххæй» федералон закъоны ахадындзинад информацион фæрæзтæм фæхæццæ кæныны фарста. Æппæт ацы ахсджиаг нысантыл уыд йæ раныхас Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвары хæдивæг Цæгат Кавказы федералон зылды **Евгений Ткачевæн**, уый бакаст **Юрий Чайкайы** арфæйы фыстæг сессийы архайджытæм.

Уæдæ Уæрæсейы культурæйы министры хæдивæг

Сессийы дзырдтой геноцид бавзарæг советон адæмты историйыл, йæ фæстиуджытыл, нырыккон цардыл уыдæттæ куыд фæбæрæг сты, уый тыххæй. Фæбæрæг кодтой федералон закъоны стыр ахадындзинад.

**Нæ уацхæссæг**

**Рахизфарсы районæй**

## Æнæниздзинады къабаз





**Беслæны поликлиникæ йæ дуæрттæ байгом кодта егъау бындурон цалцæджы фæстæ. Поликлиникæйы бæстыхай фыццаг хатт сног кодтой 40 азы фæстæ. Саив кодтой кабинеттæ æмæ иннæ уæттæ, баивтой инженерон хызтæ, бæстыхайы сæр, сарæзтой дзы ног артгæнæн æмæ трансформаторон подстанцæ.**

Дохтырты хæрзвадат, æнтыстджын куыст æмæ рынчынты æнæниздзинадæн дзы сарæзтой, нырыккон домæнтæн дзуапп чи дætты, ахæм уавæртæ. Поликлиникæйæн иу сменæмæ йæ бон æркæсын у 600 ас адæймаг æмæ 100 сывæллонмæ. Стыр æргом здæхт æрцыд нырыккон техникон фæрæзтæй поликлиникæ сифтонг кæныны хъуыддагмæ. Ног ифтонггарз æлхæд æрцыд национ проект «Дæргъвæтин æмæ активон цард»-ы фæлгæты. Сæвæрдтой дзы компьютерон томогрæф, маммогрæф, флюроогрæф æмæ æндæр хъæугæ аппараттæ.

Ныр Рахизфарсы цæрджытæн хæрзвадат уавæрты сæ бон райсын у хæрзхъæд медицинон æххуыс.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Уагæвæрд халджытæ**

## Административон æфхæрд

**Дзæуджыхъæуы администрацийы куысты стыр бынат ахсы горæты уынгтыл иудадзыг æрзилын æмæ дзы лыггæнинаг фарстатæ сбæлвырд кæнын. Уый руаджы афойнадыл иуварсгонд æрцæуынц æхсæнадон æгъдаухæлдтытæ, бынæттон цæрджыты цардыл æвзæрырдæм чи зыны, ахæм уавæртæ æмæ цаутæ.**

Афтæ та ахæм кусæг балцы рæстæг Горькийы уынджы 70 хæдзары бæлвырдгонд æрцыд, хивастæй администрацийы фæзуаты чидæр æфсæйнаг кулдуæрттæ кæй сæвæрдта. Уымæй йæ сæвæрæг зæххон кодексы уагæвæрд фехæлдта.

Горæты хæдзарадмæ цæстдарæг управлени бафæдзæхста, цæмæй йæ кулдуар сæвæрæг йæхæдæг аиуварс кæна. Домæн æххæстгонд куы не 'рцæуа амынд æмгъуыдмæ, уæд æй администраци йæхæдæг фехалдзæн.

Администраци ма иу хатт Дзæуджыхъæуы цæрджытæн сæ зæрдыл лæууын кæны, горæты хæрзвадаты уагæвæрд хъуамæ æххæст кæной граждæнтæ æмæ организацитæ. Уагæвæрд халджытæ æфхæрд цæудзысты административон æгъдауæй.

**Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ**



**Адæмон газет**

## «Рæстдзинад» – 2026 азы дыккаг æмбисæн




**Кæд уыдис, æмæ газет, национ уæвгæйæ, йæ тиражæй фæсте баззайа? Махмæ та афтæ рауад. Цæмæн? Кæй аххосæй, кæй фыдæй? Газет «Рæстдзинад»-ы кад дæлæмæ цæмæн уадзæм, алкæмæ дæр нæ цавæрдæр фадæттæ ис, хъуамæ сæ пайда кæнæм, рафыссæм æй. Йæ тираж хъуамæ зынгæ фылдæр уа, æмæ нæ уый комкоммæ алкæй хæс дæр у. Хъуамæ уый æмбарæм!**

**Газет адæмон у, уымæ гæсгæ йæ кад адæмæй кæнгæ у. Адæм та ныртæккæ уæззау уавæрты цæрынц, сæ фылдæр газет рафыссынхъом не сты. Хъуамæ сæ цуры чи балæууа, сæ хæдзæрттæм сын «Рæстдзинад» фæхæццæ кæныны хæс йæхимæ чи райса? Нæ бон цы у, уый хъуамæ æмхуызонæй скæнæм. Бавналæм-ма уæдæ нæ уарзон адæмон газет «Рæстдзинад» рафыссынмæ!**

**Посты бастдзинады хайад куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисы фондз мæйæн газет рафыссыны аргъ у 1430 сомы æмæ 97 капеччы. Адæмы льготон къордты минæвæрттæн – 1163 сомы æмæ 80 капеччы.**

**Газет «Рæстдзинад»-ы индекс – 53901.**

***РЕДАКЦИ***

## Дзырды фарн

*Зонд мады гуыбынæй*
*куы нæ рахæссай, уæд садзгæ*
*зондæй зонд нæй.*

*ÆМБИСОНД*

Æмбырд

# Фæндаггон-транспортон къабазы рæзт

**Видеобастдзинады руаджы РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис архайдта Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон Советы «Ахадгæ транспортон системæ»-мæ здæхт къамисы æмбырды.**



Æмбырд уыд къамисы сæрдар, Бурятты республикæйы Сæргълæууæг **Алексей Цыденовы** разамындæй, архайдтой дзы Уæрæсейы Федерацийы транспорты министр **Андрей Никитин**, бæстæйы субъекттæ æмæ дзуапдæттæн ведомствæты минæвæрттæ. Цæгат Ирыстоны студийы уыдис РЦИ-Аланийы транспорты комитеты сæрдар **Захъаты Алан.**

Æмбырды ныхас кодтой бæлццæттæ ласыны рæзт, æхсæнадон транспорты иуæгтæ ногтæй баивын æмæ къабазмæ кадртæ æрбаздахыны фарстатыл. Сбæрæг кодтой стратегион разæвæрдтæ царды уаджы хæрзхъæддзинад фæбæрзонддæр кæныны тыххæй регионты транспортон къабазы рæзты руаджы.

Æмбырды транспортон инфраструктурæйы рæзты цы размæвæрдтæ райхъуыст, уыдон къамисы суагъæмæ хаст æрцыдысты, цæмæй сыл дарддæр бакусой, æмæ царды уагъд æрцæуой.

Æмбырдæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Дзанайты Барис фæбæрæг кодта, республикæйы егъау транспортон реформæ æххæстгонд кæй цæуы. Регионы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы хъæппæрисæй къухы бафтыд æхсæнадон транспорты парк дзæвгар фæногдæр кæнын.

Къазнайы сæрмагонд кредиттæ æмæ лизинджы механизмæй æлхæд æрцыд 212 автобусы дыууæ миллиард сомы аргъ. Уымæй уæлдай, 1,7 миллиард сомы федералон субсидиты хуызы райсгæйæ, республикæ балхæдта Дзæуджыхъæуæн 28 ног трамвайы.

– Фæндаггон-транспортон къабазы рæзт æнгом баст у субъектты рæзтимæ, республикæйы цæрджытæ æмæ уазджыты æдасдзинадимæ. Мах ног маршруттæ уадзæм, уыдонимæ – дæрддзæф æмæ хæххон хъæутæм дæр. Уыцы иу рæстæг дарддæр архайæм æхсæнадон транспорты къабазы рæзтыл дæр. Уыцы фарста лыггонд цæуы Уæрæсейы Транспорты министрады механизмты æххуысæй. Афтæ, ацы аз 83 милуан сомы аргъ субсидийы руаджы балхæндзыстæм 46 транспортон иуæджы. Цæгат Ирыстоны Хицауад архайы æхсæнадон транспорты куыст фæхъомысджындæр кæныныл, профилон федералон программæты архайгæйæ, стæй федералон министрад æмæ субъектты фæлтæрддзинадæй пайда кæнгæйæ, – загъта Дзанайты Барис.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Юбилей

# «Мæ кинонывтæй къæмдзæстыг нæ дæн»

**Кинорежиссер, драматург, республикæйы аивæдты сгуыхт кусæг МАГКÆТЫ Людмилæйы сфæлдыстадон къæбицы сты, киноисынады дæснытæ аккаг аргъ кæмæн скодтой, алыхуызон конкурстæ æмæ фестивальты уæлахиздзау чи сси, уыцы кинонывтæ. Документалон «цыбырметражкæйы» дæсны, сæ исгæйæ уыд сценарист, продюсер æмæ оператор дæр. Æрмæст æгæрон уарзондзинад кæй риуы судзы, ахæм адæймаджы къухы бафты, цæлхдурты сæрты хизгæйæ, бæрзонд æмвæзадмæ кæй систа, ахæм кинонывтæй йæ адæмы удысконд фæхъæздыгдæр кæнын.**



– Фæндид мæ мæ юбилеймæ мæ ист кинонывтæм бакæсын. Се ‘ппæт фенынæн фадат нæ уыдзæн, фæлæ, чи зоны, уыдонæй се скъуыддзæгтæм. Алкæцы дæр дзы мæ уды иу хай у, сæ иуы тыххæй дæр къæмдзæстыг нæ дæн, – зæгъы сæ автор.

Людмилæ у, Цæгат Кавказы сæрмагонд ахуырад кæмæ ис, иунæг ахæм сылгоймаг-кинорежиссер. Аивадон кинонbackslash «Веселые ребята», иннæ кинонывтæ, кæлæнтæ скæнæгау, арф фæд ныууагътой чысыл Людæйы зондахасты. Фæндыд æй аивадон кинонывтæ исын. Скъола каст фæуыны фæстæ ныффыста Цæдисы зындгонд кино æмæ театры режиссер Георгий Козинцевмæ. Æрыгон чызгмæ цы дзуапп сæрвыста, уым загъд уыд: «Уый фæлтæрддзинады дæсныйад у!». Фыстæг арвыста Довженкойы ахуыргæнинаг, кинорежиссер æмæ сценарист Ларисæ Шепитькомæ дæр, режиссурæ цы у, уый йын райхæлдта. Режиссурæ, зæгъы, цæстылуайæг сæрмагонд дæсныйад у. Фæстæдæр æй, кинонывтыл кусгæйæ, йæхиуыл банкъардта, кино кæй у фæлгонцадон хъуыды.

– Блок ныффыста: «Æхсæв, уынг, фонарь, афтек». Киноныв исгæйæ, уый æххæст хъуыды у, æхсæвыгон уынджы афтечы раз цырагъ судзы, æмæ дзы цы архайд цæуы, уый адæймаджы цæстытыл ауайы. Уый у фæлгонцадон хъуыдыкæнынад, ахсджиаг у кино исгæйæ. Æнæ уымæй хорз киноныв сисæн нæй. Ныр фæлгонцадон хъуыдыкæнынад нал ис. Бирæтæ сахуыр кæнынц аивадон кино исыны дæсныйадыл, фæлæ афтæ рауайы: канва æмæ сценари ис, сценаримæ гæсгæ актертæ цыдæртæ дзурынц... Уый æрмæст ирон кинойы бæллæх нæу. Акæс-ма, телеуынынады каналты цавæр кинонывтæ æвдисынц, советон кинонывтæ! Иннæтæ, уырыссагау «мыльные оперы» кæй хонынц, алыхуызон сериалтæ, уыдон кинойы сæфт сты, уымæн æмæ дзы сты уыцы-иу диалогтæ æмæ сюжеттæ, науæд та фыдгæнджыты ныхмæлæуд: кæрæдзийы нæмыны сценæтæ, мæрдтæ, туджы лæсæнтæ æмæ хæлд нывтæ! Кинойы мидис цæй мидæг ис? Куыд аивад, йе ‘взаджы фæрцы адæймагмæ хæссы егъау философон хъуыды, æрмæст уый хъуамæ кинойы ‘взаг уа. Ныры кино, уыимæ, документалон кинойы хуыз дæр, у телевизион. Мæ кинонывтæ цæуылнæ æвдисынц? Уымæн æмæ сты стыр экранæн ист. Цыбырметражон æмæ æгъуыз кинонывтæ стæм хатт равдисынц ныр. Киноныв «Венера» цифрон камерæтæй ист у, æвдыстой йæ. Оператор æмæ режиссерæн хъуамæ сæхи цæстæнгас уа, цы кинонывыл кусынц, уымæ. Нырыккон кинойы сæйрагдæр цæлхдур цы у? Фыццаджыдæр, байрæзт, чиныг кæсын чи нæ зоны, уыцы фæлтæр.




Мах ивгъуыд æнусы 80-æм азты чиныг балхæнынмæ рады лæуууыдыстæм, кастыстæм бæзджын журналтæ. Абон сæ ничиуал кæсы, æрмæст – электронон чингуытæ. Уыдоны та нæй, гæххæттын чиныджы цы уд æмæ тых ис, уый. Адæммæ, сывæллæтты зонды нал рæзы фæлгонцадон хъуыдыкæнынад, – сагъæс кæны кинойы дæсны.

Йæ ист кинонывтæн сæ фылдæр хайыл бакуыста Георги Гавриловимæ, хæдахуыр оператор уыд, тæхуды йæм кодтой дипломджынтæ, афтæ хорз зыдта йæ куыст. Уыд æм, цы иста, уымæ йæхи цæстæнгас. Цæгат Кавказы кинохроникæйы студи куы сæхгæдтой, уæд республикæйы фæзынд бирæ чысыл студитæ. Людмилæ куыд зæгъы, афтæмæй дзы режиссеры диплом никæмæ ис. Вадим Грунинмæ дæр, зæгъы, нæ уыд, фæлæ ахæм диссаджы кинонывтæ систа, æмæ дунеон фестивальты хорзæхджын æрцыдысты. Ныр цæры Америкæйы. «Венера», «Украденная победа», «Дух нартов», «Законы гор», Дети индиго», «Нартиада, или Ковчег Роланда», «Игры нартов» – æдæппæтæй 40 кинонывæй уæлæмæ бантыст сисын Магкæты Людмилæйæн.

– Голуб Лешæ киностудийы архивы куыста уыцы рæстæг. Телефонæй мæм æрбадзырдта, нæ кусджытæй чидæр цæугæ кæны, зæгъгæ, æмæ йæ куы бафарста: «Цы дын балæвар кæнæм?», уæд дзы ракуырдта «Одна судьба»-йы къопи. Разыйы дзуапп ын раттон, куыд æхсызгон мын уыд, мæ киноныв лæварæн кæй бахъуыд, уыцы цау!

Кино куыд райгуыры? Алагирмæ цыдтæн автобусыл, мæ фарсмæ бадт сылгоймаг. Хъуынтыз, уазал бон уыд. Фæкомкоммæ дæн йæ хæцæныл æвæрд къухтæм, йæ ныхты бын уыд зæхх. Хæцæныл ма йæ къух уыд, нæ комкоммæ цы чызг бадт, уымæн дæр, йæ къух – даргъ ахуырст дзæмбытимæ. Уыцы ныв мæ цæст уайтагъд ацахста, чызг фæндаггаг сисынмæ нæ арæхст йæ чыссæйæ, афтæ даргъ уыдысты йæ ныхтæ. Мæ фарсмæ цы сылгоймаг бадт, уымæн, куыд бамбæрстон, афтæмæй мæнмæ уыд йæ ныхас: «Талынг ма уыд, афтæ сыстадтæн æмæ хъæдмæ давæттæм ацыдтæн (уыд мартъи). Голлаг дзы ракодтон æмæ сæ горæтмæ сдавтон. Уыцы æхцайæ хостæ балхæдтон нæ лæгæн (автобусы фæсте бадт), мæ чындзæн шоколады плиткæ балхæдтон, «Аленка» бирæ уарзы», – йæ хæдзармæ здæхгæйæ амондджынæй дзырдта сылгоймаг. Æз та ахъуыды кодтон, кæс-ма, цы адæймæгтæ цæры нæ зæххыл. Кæйдæр тыххæй цытæ кæны! Иннæмæн цы адæймаг цæры, уый фидæны адæймаг у, – зæгъы, йæ адæмыл, сæ сомбоныл арф философон хъуыдытæ цалдæр томæй чингуыты чи ныффыста, уый – Магкæты Людмилæ. «Закон гор» – документалон киноныв. Актертæ дзы нæ хъазы, хуымæтæг адæймæгтæ уыдысты йæ хъайтартæ. Сæ дзуринæгтæм-иу куы бахæццæ сты, уæд та пленкæ фæцис... Сæ сисынæн иумæйаг æвзаг ссарын хъуыд, уæд хуыздæрты истой. Хъыгагæн, зæгъы, абон экран байдзаг рог сылгоймæгты ист равдыстытæй, адæмы рæгъмæ хæссынц чъизи. «Фараст хатты смой кодта, æмæ дзы кæцыйы тыххæй радзура, уый нæ зоны. Уый аивад нæу, хъуыды хæссæг та «Секрет на миллион»-ы равдыст у, – зæгъы Людмилæ. Киноныв «Украденная победа» йæ ныййарджытæ æмæ уыцы фæлтæры номыл ист у.

– Фæндыд мæ се ‘ппæтæн дæр мæ сæрæй ныллæг акувын. Мæ фыд Сталинграды бынмæ хæцыд, цалдæр боны, атакæйы ацæуынмæ ‘нхъæлмæ кæсгæйæ, уазал митыл фæхуыссыдысты, уазал дзы бацыд æмæ фæрынчын. Стæвд кодта, хуыфæг ыл бахæцыд æмæ тифæй фæрынчын, зæгъгæ йæ дзæбæх кæнынмæ арвыстой. Йæ ацыды фæстæ йæ хæстон æмбæлттæй йæхицæй фæстæмæ ничиуал баззад æгасæй... Профессионалон камерæ мæм нæ уыд, афтæмæй истон киноныв Реуазты Верæ æмæ фыссæг Хъайтыхъты Азæмæты тыххæй. Диссаджы адæймæгтæ уыдысты дыууæйæ дæр. Йæ азтыл ма бафтыдта, афтæмæй ацыд хæстмæ Верæ. Киноныв куы истон, уæд æруатон ис. Цы мын радзырдтой, уымæн йæ цыппæрæм хай дæр нæ бацыд кинонывмæ. Автор дæр, сценарист дæр, продюсер дæр, оператор дæр мæхæдæг уыдтæн. Æхца дæр мæм нæ уыд, сæ раныхæстæ мын ПТРК «Алани»-йы оператор **Гайты Хетæг** систа, иннæ – мæхædæг, – йæ мысинæгтæ дзуры Людмилæ.

Киноаивады дæсныйы сагъæсы ‘фтауы, нывы темæ кæронмæ куы нæ раргом кæны режиссер, уæд уый. Сæргонд ын вæййы, метраждæ ис, бирæ æрмæг сисынц, йæ хъуыды та режиссер æххæстæй нæ раргом кæны.

– Уыдон кинонывтæ рахонæн нæй, сты телеуынынады равдыстытæ. Иронау сыл чи кусы, уый у **Туаты Алинæ**. Нæ йæм æфсæдын хъусынæй, иронау ма ахæм рæсугъд дзырдта **Дзуццаты Анатоли** дæр. Фæстагдæр кинонывтæй иу у «Законы гор», Цæгат Кавказы республикæты алы ран дæр ис. Дагестан, Адыгейæ, Кæсæг æмæ Балхъар, Ирыстон – мæ кинонывтæ ам ист æрцыдысты.

Людмилæйы ныййарджытæ Алагиры райгуырдысты, Алагираг уынджы – йæ мад, фыд та – Салыгæрдæны. Бынæттон уæлмæрдты сæ бавæрдтой, уым сты сæ ныййарджыты ингæнтæ дæр. Æнæкæрон бирæ уарзы ирон киноаивады дæсны йæ райгуырæн горæт. Сæ уынджы скодта хæдзар æмæ дзы фарнимæ цæры. Кино кæдæй нал исы, уæдæй фыссы чингуытæ. Чингуыты тæрхæгыл сæ фарсмæ – рагæй кæмæ бæллы, уыцы кинонывы сценари. Алы сфæлдыстадон куыст дæр æнæ ‘хца царды рауадзæн нæй. Людмилæ та йæхæдæг нæ аххæсдзæн алцæуыл. Фæнды йæ, уыцы хъуыддаджы йын чи баххуыс кæндзæн, ахæм адæймагмæ йæ курдиат бахæссын. Фæнды йæ фембæлын ирон амалхъом адæймаг **Хъесаты Игоримæ**. Сагъæс кæны, Уататы Бибойæн цы сценари ныффыста, уый æнæххæстгондæй куы баззайа, ууыл.

Магкæты Людмилæ бирæ арфæтæ райсдзæн йæ юбилейон гуырæнбоны фæдыл, цы йын бантыст Ирыстоны æмæ Цæгат Кавказы киноаивады рæзтмæ бахæссын, уый та фидæны фæлтæртæн уыдзæн фæзминаг.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къамтæ**

Хæстон-денджызон флоты бон

# Ирыстонæн – зæрдиаг лæвар

**Цæгат Ирыстон денджызмæ дæрддзæф у абон, кæд кæддæр нæ рагфыдæлтæ стыр цæугæдæттæ æмæ денджызы был цардысты, уæддæр. Фæлæ, æвæццæгæн, нæ адæмы хъуыдæджы баззад денджызмæ уарзондзинад, æмæ бирæтæ йемæ сæ цард сбастой.**



Цæмæй сæ нæмттæ рæстæджы фæлмы ма анигъуылой, уый тыххæй егъау удуæлдай куыст бакодта не ‘мзæххон, алагираг лæппу **Дзарасаты Сергей**. Уæвгæ, ныр лæппу нал – 68 азы йыл цæуы. Йæ царды фылдæр æрдæг ратта хæстон-денджызон флотæн, æмæ, куыд фæзæгъынц, зæхх куы ссардта, уæд йæ улæфты рæстæг биноныг куыст бакодта – райдыдта æмбырд кæнын, Ирыстонæй флоты чи службæ кодта раздæр æмæ ныр дæр, уыдоныл æрмæг æмæ дзы чиныг сарæзта. Отставкæйы фыццаг ранджы капитан Дзарасы-фыртæн йæ бинонтимæ ис æнгом бастдзинад. Йæ цардæмбал **Колыты Георгийы чызг Зæринæимæ** схъомыл кодтой чызг æмæ лæппу.




«Офицеры ВМС – гордость Осетии» мыхуыры рацыд 2025 азы. Йæ фыццаг тиражæй Сергей фæхайджын кодта, чиныгмæ кæй бахаста, уыдонæн сæхи, йе ‘цæг дунемæ дзы чи ацыд, уыдонæн та – сæ бинонты. Чиныджы ссарæн ис хæстон наудзæуджыты – Советон Цæдис æмæ Уæрæсейы Федерацийы афицертыл, Фыдыбæстæйы Стыр хæст æмæ уый фæстæ НАТО-имæ ныхмæлæуды уæззау рæстæджыты лæгдзинад æмæ æхсар, Райгуырæн бæстæйыл иузæрдиондзинад чи равдыста æмæ ныр дæр æвдисы, уыдоны биографион бæрæггæнæнтæ. Чиныгмæ разныхасы Дзарасаты Сергей фыссы: «Ацы чиныгæй арын, зын хъысмæт чи равзæрста æмæ йыл фæсмон чи нæ кодта, хæстон наудзæуджыты уыцы цардæмбæлтты ном. Уыдон къуыритæ, мæйтæ, азтæ æрвыстой æнæ сæ уарзон нæлгоймæгтæй, хъомыл кодтой сæ сывæллæтты, фыстой нæм диссаджы ныфсæвæрæн фыстæджытæ, былгæрон ныл зæрдиагæй æмбæлдысты æмæ таиу нæ цыбыр рæстæджы фæстæ ногæй денджызмæ афæндараст кодтой. Æмæ кæд хæстон наудзæуджытæ хицæн кастæ сты, Гæрзифтонг тыхты элитæ, уæд нæ цардæмбæлттæ дæр сты æвæджиау, номхæссæн сылгоймæгтæ. Алы сылгоймаджы бон нæу йæ сæрыхицаумæ бирæ азты дæргъы былгæрон æнхъæлмæ кæсын. Кæй быхсыдысты, иузæрдион кæй уыдысты, уый фæдыл сын нæ сæрæй ныллæг кувæм.

Мæ бинойнаг Зæринæйы номæй арфæ кæнын æппæт денджызонты цардæмбæлттæн дæр, амонд, уарзондзинад æмæ фæрныгадæй хайджын ут, абон дзы не ‘хсæн чи нал ис, уыдон та æнусмæ мысинаг уæнт».

Республикæйы Сæргълæууæг, хæстон-денджызон флоты вице-адмирал **Сергей Меняйло** чиныгкæсджытæн арфæ ракодта æмæ фæбæрæг кодта, Дзарасаты Сергей стыр куыст кæй бакодта: бирæ рæстæг фæбадт архивты, ссардта хъæугæ æрмæг æмæ йæ зæрдæмæдзæугæ хуызы адæмы размæ рахаста. Ахæм аргъ ма Сергейы фæллойæн скодтой бирæ зындгонд æхсæнадон архайджытæ дæр.

Чиныджы сæ бынат ссардтой 131 адæймаджы. Сергей дарддæр дæр агуырдта иннæты æмæ, чи агура, уый та, куыд зонæм, афтæмæй æнæмæнг ссары. Йæ куысты фæстиуæгæн ацы аз рацыд чиныджы дыккаг тираж, æмæ дзæвгар фæбæзджындæр, ныр йæ номхыгъды ис 210 биографийы. Чи зоны, æмæ уыцы номхыгъд фидæны ноджы фæуæрæхдæр уа... Йæ тираж у 400 экземплярры, аив фæлгонц, хæрзхъæд гæххæттыл уагъд, хуызистытæй – фæлынд.

Дзарасаты Сергейы зæрды ис ахæм чиныг саразын Ирыстоны тæхджытæн дæр, æмæ йын бантысæд!

«Офицеры ВМС – гордость Осетии» цæмæй мыхуыры рацæуа, уымæн хъуыдис дзæвгар æхцайы фæрæзтæ, æмæ ацы ахсджиаг хъуыддаджы Сергейæн ахъаззаг æххуыс бакодтой нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Иваны фырт Меняйло, Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Эльбрусы фырт Вячеслав**, республикæйы раздæры разамонæг **Битарты Зелимханы фырт Вячеслав**, амалхъом адæймæгтæ **Æгъуызарты Æхсарбеджы фырт Руслан, Æгъуызарты Константины фырт Тамерлан, Бататы Таймуразы фырт Феликс, Битарты Шамилы фырт Алик, Битарты Махарбеджы фырт Зелимхан**.




Автор сын зæрдиаг арфæ кæны – дыууæ чиныджы рауадзын йæ къухы бафтыд уыдоны æххуысы руаджы, æмæ сын йæ зæрдæ зæгъы стыр цардамонд, фидар æнæниздзинад æмæ фæрныгад.

Телеуынынад «Осетия-Ирыстон»-ы 1 августы, эфиры рацæудзæн чиныгыл ист сæрмагонд равдыст, бацæттæ йæ кодта журналист Рæмонты Ларисæ.

**ГАПБАТЫ Алетæ**




## Ирон хабæрттæ

# Нæ хъæуы таурæгъгæнæг



Алы хъæуы дæр ивгъуыд заман уыд таурæгъгæнæг. Мах хъæу дæр дзы æнæ хай нæ уыд. Уый уыд Черчесты Сæхмырзæ. Бынтон-бынтон зæронд нæ уыд. Кæд ыл цыдаид дæс æмæ æртиссæдз, фынддæс æмæ æртиссæдз азы, фæлæ фæстагмæ сынтæгæй уæлæмæ нал стад. Мæ мадæн йæ хæрз æрвад уыдис. Иу артæй дих, зæгъгæ, кæй фæхонынц, ахæм. Уымæ гæсгæ-иу æз гыццыл лæппуйæ уыдонмæ тынг арæх уыдтæн. Йæ цуры-иу мæ сбадын кодта æмæ мын аргъæуттæ кодта. Аргъæуттæм, таурæгътæм тынг дæсны уыд. Стæй-иу йæхицæн дæр æнцондæр уыд, исчи-иу йæ цуры куы бадт, искæимæ-иу куы ныхас кодта, уæд. Уыдис тынг фæсус, ныхас дæр фæсус æмæ тыхулæфтгæнгæ кодта. Фæсус та фæцис афтæ.

Йæ лæджы кары ма куы уыд, уæд æнафоны Урсдонæй Цъамадмæ æрбацæйцыд уæлгъæуыл. Уыдис мæйрухс изæр. Йæ фæндаг уыд Дагомы доны бæрзонд æрхы былтыл. Цæуы цъæхнæуу фæзы нарæг къахвæндагыл Сæхмырзæ. Дон дæлиау хæл-хæл кæны. Йæ урс æхсæрдзæнтæ мæйрухсмæ дзæбæх зынынц. Цæуы зæрдæрайгæйæ хъæлдзæгæй æнафоны бæлццон... Ныртæккæ Дагоммæ схæццæ уыдзæн. Стæй Мадизæн æмæ Цъамад. Цæуы, йæ хъримаг йе 'фцæгыл... Уалынмæ кæсы, æмæ мæнæ æдфæндаг, æдцъæх нæуу æмдзæхгæр бæрзонд былæй доны 'рдæм фæбырыд... Йæ быны зæхх алæбырд. Лæг фæцудыдта, æрхауд. Зæхх йæ тæхынæй не 'нцайы. Сцырын аргъауы нымæтау...

Æрчъицыдта Сæхмырзæ дæлиау, донныбыл. Сыстад. Цæф нæу, иу нæу..

– Фæдис! – ныхъхъæр кодта, фæлæ диссаг... Йæ ныхас йæхимæ дæр нал хъуысы.

Уæдæй фæстæмæ Сæхмырзæ фæсусæй баззад...

Куыста. Фыццагау йе уæхсчытыл æнцад хæдзар. Бинонты дардта. Хоры, фосы куыст кодта. Фæлæ йæм йæ хъæлæс нал æрыздæхт. Ныр фæзæронд, æрсади. Хуыссы уаты сынтæджы æмæ мын æдзух таурæгътæ кæны... «Сауи æмæ Будзи», «Æрхуы мæсыджы бадæг», «Залиаг калм» æмæ æнд. Фæлæ йын æппæты тынгдæр мæ зæрдыл бадардтон Даредзанты таурæгътæ: «Даредзанты Амран (Домбай) æмæ Æфсæн уæйыг», «Æртæ æфсымæры – Амран, Бадыри æмæ Мысырби», «Амран æмæ Пакъуындзæ».

Æрæджы, Даредзанты кой кæм ис, иу ахæм рагон чиныг мæ къухмæ æрбахауд. Мæ зæрдыл та ногæй æрлæууыдысты Сæхмырзæйы таурæгътæ Даредзанты тыххæй. Фæстæдæр ма бирæ кæмæйдæрты фехъуыстон уыцы аргъæуттæ, раст-иу сæ цъамадаг Черчесты Сæхмырзæ куыд дзырдта, афтæ

**ХЪАЙТТАТЫ Сергей,**
**«Ирон хабæрттæ», Дзæуджыхъæу 1998**

## Зындгонд адæмы цардæй

*Бетховены йæ ахуыргæнæг нымадта æнæкурдиат ахуыргæнинагыл. Генион композитор йæ царды кæронмæ нæ базыдта математикæйы архайд - нымæцтæ кæрæдзийыл ахатт кæнын.*

*Эйнштейн цыппар азмæ дзургæ нæ кодта. Йæ ахуыргæнæг æй нымадта зондцухыл.*

*Зындгонд скульптор Родены фыд дзырдта: «Мæ фырт у идиот. Æртæ хатты нæ бахауд аивæдты скъоламæ».*

*Нæ фыдыбæстаг Менделеевæн химийæ уыд «æртæ».*

*Генри Фордмæ машинæскъæрæджы бартæ никæд уыди.*

*Гульельмо Маркони радио куы æрхъуыды кодта æмæ йе 'мбæлттæн куы радзырдта, дæрддзæг рæттæм уæлдæфы ныхас куыд æрвитдзæн, уый тыххæй, уæд æй æррайыл банымадтой æмæ йæ психиатрмæ ахуыдтой. Фæлæ цалдæр мæйы фæстæ йæ радиойы руаджы бирæ наудзогты (моряк) цард фервæзын кодта.*

## Ахудынæн

### Ус-абырæг

Ацы худæджы хабар-иу арæх фехъуыстон мæ дзæнæты бадинаг нанайæ. Куыд дзырдта, афтæмæй хæсты фæстæ нæ сыхмæ кæцæйдæр æрбафтыд сылгоймаг æмæ дзы æрбынæттон. Гуыбатæ разындис цыдæр абырæгхуыз – нæ ауæрста давыныл. Лыстæг фос, хъазтæ, кæрчытæ, гогызтæ-иу йæ хæдзары размæ куы бафтыдысты, уæд-иу дæ рын, мæ рын уыйау, сæ фæд дæр-иу сын ничиуал ссардта. Адæм сæ мæгуыры хъиутæ хордтой, рæстæг ахæм уыдис, æмæ куыд нæ мæсты кодтаиккой Гуыбатæмæ, фæлæ йын йæ къухыл ничима æрхæцыд, адавтай, зæгъгæ, нæ йыл хæст кодтой.

Иу изæр та уæлæсыхы фыстæ радзæгъæл сты æмæ се 'намондæн Гуыбатæйы хæдзары рæзты æрцæйцыдысты. Ус айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ, фæсте цы уæрыкк аззад, ууыл фæхæцыд æмæ йæ кулдуары миддуар фæкодта. Уæдмæ фысты хицау Адæбе дæр, йæ фоснымады уæрыкк куы не ссардта, уæд уынгты зилгæ рацыд æмæ рафæрс-бафæрс кæны, ничи йæ федта, зæгъгæ. Чидæр ын хæрзгæнæг фæци, æнхъæлдæн, æмæ, дам, дæ уæрыккыл Гуыбатæйы бæллæх ис. Адæбе йын йæ дуар тымбылкъухæй ныххоста. Рауон-цыуон сыл дæр куыд нæ зыдта, исчи фосагурæг цæудзæн, зæгъгæ, æмæ йæхи бацæттæ кодта – уæрыччы авдæны абаста, æрæхгæдта йæ æмæ йæ узы. Лæгæн дуар байгом кодта, æмæ йын уый æргом афтæ, мæ уæрыкк, дам, мын бакодтай æмæ йæ æнæмастæй ардæм ракæ.

Гуыбатæ уыцы æфхæрæн ныхæстæ куы айхъуыста, уæд кæуынхъæлæсæй йæхи ныффæлдыста:

– Уæд, мæнæ авдæны чи хуыссы, уый фыдтæ бахæрон, кæд дын дæ уæрыкк мæ цæсты кæронæй дæр федтон!..



### Стыр мыггаджы сиахс

Ацы хабар мын мæ дыгурон зонгæ Аскер радзырдта. Цæвиттон, хæрзæрыгон ма уыдис, афтæмæй уырысмæ афтыдис æмæ бирæ азты уым фæцард. Хæрзконд, аив лæппуйыл уырыссаг чызджытæ сæхи мардтой, æмæ сæ сæрæндæры хай фæци не 'мзæххон. Цот сын рацыд, æмæ куыдфæстагмæ Аскер йæ райгуырæн бæстæмæ вазын райдыдта. Ссыдис Ирыстонмæ йæ бинонтимæ, ам æрбынæттон сты. Ус, йæ бон куыд уыдис, афтæ архайдта не 'гъдæуттæ æххæст кæнынил. Аскеры-иу исчи куы бафарста, кæй сиахс дæ, зæгъгæ, уæд-иу сæрбæрзондæй дзуапп ратта:

– Стыр мыггаджы сиахс.

Иуахæмы та кæмдæр чындзæхсæвы фынджы уæлхъус бадтысты, афтæмæй Аскеры сыхаг дыгурон разынд, æмæ сын ныхас бацайдагъ. Ахæм сахат куыд вæййы, афтæ лæг фæрсы Аскеры, сиахсæй та, дам, кæй сиахс дæ. Куыд иннæ хæттыты, афтæ та нæ лымæн дзуапп ратта, стыр мыггаджы сиахс, зæгъгæ. Уый дын айхъуыста, цы, лæг, йæ къухтæ кæрæдзийыл æрцавта æмæ йæм уыцы цингæнгæ дзуры:

– Ай мæ сиахс куы разындтæ, мæ сиахс!

Аскер æм уыцы цымыдис каст бакодта æмæ йæ фæрсы, ды дæр, дам уырыссаг дæ?

– Цæй уырыссаг дæн, Малитæй дæн! (Малиты дыгурон Ивановтæ хонынц, стыр мыггаг кæй сты, уый тыххæй, Хуыцау сæ фылдæр фæкæнæд!)

### Хъæргæнæг

Уæлæсыхаг Сæуджен йæ цардæй ахицæн, æмæ кæрты уынаффæгæнæг сыхы лæппутæм фæдзырдта, дыууæ изæры астæу сæ алы хъæутæм хъæргæнæг арвыста. Уырыз æмæ Тауыра къуымæлдзæф уыдысты, æнæхъæн бон хъæдрæбын сæ фæллад фæуагътой. Дардмæ'рвитынмæ не сбæззыдысты, уымæ гæсгæ сыл хæстæгдæр хъæу Къора фæдзæхст æрцыд. Уырызмæ æртæцалхон мотоцикл уыдис, лæппутæ йыл «саргъ баппæрстой», Уырыз æй «æрцæфтæ кодта», Тауыра гуыффæйы йæхи æрысхуыста, æмæ уынгты уæлæмæ фæтæхынц.

Цалынмæ Къорамæ хæццæ кодтой, уæдмæ Тауырайы мотоцикл ауызта, æмæ ноздджын лæг уайтагъд афынæй. Уæдмæ схæццæ сты, æмæ Уырыз æрлæууыд, хъæргæнæг æрвыст кæмæ уыд, уыцы хæдзары дуармæ. Рахызт, кулдуар бахоста, æмæ дзы гыццыл фæстæдæр лæг ракаст. Уырыз ын хъуыддаг бамбарын кодта, афтæ 'мæ, дам, афтæ, Сæуджен фæзиан, æмæ уæм хъæргæнæг, кæмæн æмбæлы, уыдонæн дæр фехъусын кæн. Лæг фыццаг Уырызмæ бакаст, стæй йæ цæст Тауырайыл æрхаста æмæ афтæ:

– Æмæ мæм мард ласгæ куы не скодтаис, уæд дыл нæ баууæндыдаин?

### Хуыцауы арфæ

Зæрæда Ахъберды мад Залийы фæндиагæй йæ хæдзары къæсæрæй бæргæ не 'рбахызтаид, фæлæ йæ фæрсæг нæ фæци, лæппу ныффæрск , мæн, дам, уымæй æндæр ничи хъæуы. Цы гæнæн ма уыдис, æмæ Зали æвæндонæй чындзæхсæв сарæзта. Æндæр ын фырт нæ уыд, æмæ бар-æнæбары Зæрæдаимæ царди. Чындз æмæ æфсин кæрæдзийæ сæ удхæссæг уыдтой, кард æмæ фыдæй уæлдай нæ уыдысты. Афтæмæй азтæ дæр размæ лыгъдысты.

Мæнæ æрцыд Залийы фæстаг бон. Йæ рухс дунейæ ахицæн. Йе 'вæрæн бон, саударæн митинг куы байгом, уæд, куыд вæййы, афтæ арфæ ракодтой мыггагæн, сыхбæстæн, ноджыдæр ма кæмæндæрты, фæлæ дзы чындзы кой нæ уыд. Уæдмæ чырын сæккой кодтой, æмæ Зали йæ фæстаг фæндагыл фæраст. Чидæртæ нал фæлæууыдысты æмæ чындзмæ алы 'рдыгæй уайдзæфтæ æмæ æфхæрæн ныхæстæ æппарынц, ома, дам, де 'фсинæн хорз куы уыдаис, уæд дын арфæ ракодтаиккой. Уый сæм байхъуыста, стæй уыцы уæлахизхуызæй афтæ:

– Уыцы мæнг арфæтæ мæн ничердæм хъæуынц! Мæнæн Хуыцау ракодта арфæ, дæлæ йæ фæхæссынц, – æмæ йæ сæрæй чырыны 'рдæм ацамыдта.

### «Тæлмацгæнæг»

«Зиан æмæ цин æрвадæлтæ сты», «мард æнæ худгæйæ нæ цæуы», «мард æгæстæн – хæринаг», «марды гуыбын – æнæфсис» æмæ ма бирæ æндæр ахæм æмбисæндтæ æрхæссын æмбæлы, рагфыдæлтæ кæй æрхъуыды кодтой æмæ абон дæр сæ рæстдзинад хурæн бæрæг кæмæн у, ахæмтæ.

Зианджын, чи зоны, фембары, мардæн уыдæттæ кæй ницыуал пайда вæййынц, фæлæ йæ уды катайæ амæй ай диссагдæр æмæ дзæбæхдæр хæлц самал кæныныл нæ бацауæрды, мæ фынгтæ иннæтæй цауддæр ма уой, зæгъгæ. Афтæмæй фыццаг сабатизæрæй афæдзы къордыхаймæ зианджын бинонтæ стыр уаргъ се 'ккой бакæнынц.

Сабатизæрмæ æрæджы дæр ма æрмæстдæр устыты хуыдтой, ныр лæгтæ дæр цæуын райдыдтой уыцы фынгмæ æнæфсæрмæй. Ацы майрæмбон Сæуджен йæ мад Зæрæдайы сабатизæрмæ сыхæгты гыццыл лæппуты хонæг арвыста. Уыдон сæ хæстæ айуæрстой, уынджы фæйнæ фарсы райстой æмæ ацыдысты. Ацæ ныххæццæ Сахълæуы хæдзармæ, кулдуар йæ лæдзæгæй ныххоста. Чысыл рæстæг рацыд, æмæ йæм хæдзары 'фсин Сахълæуы уырыссаг ус Аня ракаст. Гыццыл лæппу исдуг ницы сдзырдта, йæхинымæры хъуырдухæны бафтыд, уæдæ сабатизæр уырыссагау куыд хуыйны, зæгъгæ, стæй æваст фæцарæхст.

– Сæуджен на субботник приглашает! – æмæ лидзæг фæци, ус ма йæ кæд цæуылдæр фарста, уæддæр æм фæстæмæ дæр нал фæкаст.

## Нæ уæ бауырндзæн!

# Фондз цæсгомджын къæрныхы

Швецийы университет УМЕО-йы профессоры ноутбук хуыснæг куы адавта, æмæ хъуыддаг куы бамбæрста, уæд афтæ тынг батыхст, æмæ йæ амæлынмæ бирæ нал бахъуыд. Æмæ куыд нæ, кæд æмæ профессоры дæс азы дæргъы куыстытæ уым фыст уыдысты! Фæлæ давæг афтæ цæсгомджын разынд, æмæ,



фыстытæм куы 'ркаст, уæд æппæт информацийæн дæр къопитæ скодта, флешкæйыл сæ ныффыста æмæ йæ профессорыл сæмбæлын кодта.

**Дæллаг Саксонийы хæдзæрттæй иумæ хотыхджын къæрных æнæнхъæлæджы фæзынд. Цалынмæ сывæллæтты хъомылгæнæгмæ (няня) дамбацайæ æвзыста, уæдмæ йын авдаздзыд сывæллæттæ æрбахастой, цы æхца сæмбырд кодтой, уыдон, цæмæй сылгоймаджы суæгъд кæна. Давæгмæ уыцы ми афтæ тынг бахъардта, æмæ хæдзарæй ацыд, ницы райста, афтæмæй.**

2011 азы сентябры давæг, парковкæйы цы хæдтулгæ лæууыд, уырдыгæй дыууæ чырæг телефоны æмæ чыссæ адавта. Телефонтæй иумæ æркæсгæйæ дзы сывæллæтты порнографи федта. Уый йæм афтæ æлгъаг фæкаст, æмæ йæхи пъæлицæмæ ратта, цæмæй фыдгæнджыты сбæрæг кæной. Давæджы æххуысæй ахст æрцыд 46-аздзыд нæлгоймаг. Йæ хъуыддаг кæмæн фæкъуыхцы, уыцы къæрныхæн ныххатыр кодтой, æфхæрыны тыххæй йын æрмæстдæр æртæ мæйы ахæстоны фæбадын стæрхон кодтой, стæй йæ фæивар кодтой.

**Саудоваг Аравийы, чи не сбæрæг, уыцы къæрных сæ хицауæн, дæс азæй раздæр кæй адавта, уыцы ювелирон сыгъзæрин дзауматæ фæстæмæ**



**æрбахаста. Сæ хицау куыд загъта, афтæмæй йæм æхсæвы чидæр дуар æрбахоста. Дуар байгом кæнгæйæ, йæ къæсæрыл ссардта цыдæр æнахуыр хызын. Разындысты дзы йæ сыгъзæрин дзауматæ, стæй фыстæг хатыртимæ.**

Машинæ чи адавта, уыцы Бразилийы цæрæг хæдтулгæ йæ хицауыл сæмбæлын кодта, уый йæм, салоны йын цы телефон баззад, уымæ куы бадзырдта æмæ йын куы загъта, ныртæккæ тынг уæззау финансон уавæры ис, уый, уæд.

## Скæсæйнаг æмбисæндтæ

### Уазæг хъуамæ афойнадыл ацæуа



Иу нæлгоймаг йæ зонгæмæ уазæгуаты фæцыд. Фысым æмæ уазæгæн сæ фембæлд тынг æхсызгон уыд, кæрæдзийыл фæцин кодтой, фæфæрстытæ кодтой се 'нæниздзинад, бинойнæгтæ æмæ сывæллæттыл, фырцинæй ма цы акодтаиккой, уый нæ зыдтой. Фысымтæ уазæджы къæхты бынмæ гауыз ныппæрстой æмæ йæ фарстой, йæ зæрдыл куыд æрлæууыдысты, куыд сæ бабæрæг кодта, зæгъгæ.

– Усай, марадз, уазæгæн хуыссæн арæвдз кæн, карк аргæвдын кæн, къофи афыц, сихор ацæттæ кæн!

Ус уазæгæн уардиты нывтæй нывæфтыд рæсугъд гауызыл бауат кодта: гауызы сæрыл гобан æрæвæрдта, ууыл – хъæццул æмæ, æппынфæстаг, баз.

Иу боны фæстæ фысымтæ баз бафснайдтой, дыууæ боны фæстæ – хъæццул, æртæ боны фæстæ – гобан. Цыппæрæймаг бон уазæг фысымтæн хæрзбон загъта æмæ цæуыныл ныллæууыд. Фысымтæ йæ бафарстой:

– Афтæ тагъд нæ цæмæн цæуыс, цы 'рцыдис, дæ зæрдæ истæуыл фæхудт, чи дæ бафхæрдта? Ма ацу, баззай уал ам.

Уазæг дзуапп ратта:

– Сымах мын æвзæрæй ницы сарæзтат, æз раджы нæ цæуын. Æз хъуамæ ацыдаин, баз куы айстат, уæд.

### Хæрæджы æмбæлттæ



Лоти хæрæгыл хохаг уыгæрдæнтæй хъæумæ фæцæйцыд æмæ федта суары раз лæппуты къорд, сæ разы - хæрд æмæ нозт. Иу дзы, Лотийы фенгæйæ, фæхъæр кодта:

– Нæ фыды хай, ардæм рацу, иу нуазæн сæн немæ баназ.

Лоти сæ размæ бацыд, хæрæгæй æрхызт æмæ лæппуты фарсмæ æрбадт.

– Уæ нуазæнтæ байдзаг кæнут, – загъта фынджы хистæр. – Ацы нуазæн мах нуазæм, уазæгуаты нæм чи саккаг кодта, уыцы хæрæджы æнæниздзинад æмæ быхсондзинады тыххæй. Дæ быхсондзинады тыххæй, хæрæг! Де стыр цæстыты, дæ даргъ хъустæ æмæ дæ цыбыр къæхты тыххæй! Нæ зæрдæ дын зæгъы хъару æмæ фæразондзинад! Цæй, бануазæм!

Лæппутæ худæгæй мæлынц, хъæр кæнынц «ура» æмæ сæ нуазæнтæ æвдæлон кæнынц.

– Нæ фыд, нып та ды иу куывд ракæн, – худгæйæ зæронд лæгмæ дзуры куывддзаутæй иу.

– Цæмæн хъæуы уый? Сымах, æрыгæттæ, хорз райдыдтат.

– Нæ, нæ, дæу рад у! – худгæйæ æмдзырд скодтой лæппутæ.

– Цы зæгъон æз? – йæ бынатæй сыстад Лоти. – Фæлæ уæ кæд афтæ фæнды, уæд зæгъдзынæн. Ех, хæрæг, де 'нæниздзинад фидар уæд, хорз хæрæг дæ. Ды мæ æрвылбон ласыс, фæлæ дыл мæ зæрдæ худы. Куыд рабæрæг, афтæмæй дын ам диссаджы дзæбæх зæрдæмæдзæугæ, кадджын æмбæлттæ куы ис, уæд мын сæ кой куыд никæд ракодтай. Æз та афтæ æнхъæлдтон, æмæ ацы æрыгон лæппутæ кæцæйдæр дард рæттæй сты.

### Чингисхан æмæ сылгоймаг



Уыдис ахæм цау, Чингисханмæ иу къниазы ус бацыд курдиатимæ, цæмæй йын йæ хиуæтты суæгъд кæна.

Чингисхан загъта:

– Мæнæ дæ разы лæууынц дæ лæг, дæ лæппу æмæ де 'фсымæр. Æз дзы æрмæстдæр иуы суæгъд кæндзынæн. Кæцыйы дзы 'взарыс?

Æппындæр нæ асагъæсгæнгæйæ, сылгоймаг дзуапп ратта:

– Ме 'фсымæры.

– Цæмæн, уый мын бамбарын кæн.

Сылгоймаг загъта:

– Лæг мæ бон ссарын уыдзæн, лæппу ныййардзынæн, фæлæ æфсымæр саразын мæ бон нæ бауыдзæн.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, Чингисхан суæгъд кодта се 'ртæйы дæр

### Зонынджыны дзуапп

Иу мæгуыр лæг, цæугæдоны йæхи найгæйæ, фæдæлдон. Йæ мард ын гыццыл дæлдæр æнæнхъæлæджы доныбылмæ хæстæг цæрæг хъæздыг лæг æрцахста. Уый базонгæйæ, мæгуыр лæджы хæстæг фæцыд хъæздыг лæгмæ æмæ дзы ракуырдта, цæмæй йын мард ратта. Фæлæ дзы бонджын лæг цъындыаргъ (выкуп) домдта. Мæгуыр лæгмæ уыйас æхца нæ разынд. Цас агуырдта мардыл, уымæй йын гыццылдæр раттынмæ хъавыд, фæлæ бонджын не сразы. Афтæмæй, ницæуыл баныхас кæнгæйæ, фæхицæн сты.

Цы сараза, уымæн ницы зонгæйæ, хъæздыг лæг бынæттон зонынджын лæгмæ бацыд, радзырдта йын хабар æмæ дзы ракуырдта, цæмæй йын исты бауынаффæ кæна.

– Æнæмæт у, – дзуапп ын ратта зонынджын. – Æндæр æй никæм балхæндзæн.

Цасдæр рæстæджы фæстæ зонынджынмæ фæзынд мæгуыр лæгæмæ йын бонджынæй рахъаст кодта.

– Æнæмæт у, – дзуапп ын ратта зонынджын. – Дæу йеддæмæ йæ никæмæн ауæй кæндзæн.

### Æппæлд æви фауд?

Иухатт персайнаг паддзах Ануширван (Нушинраван) бафыста,



йæхæдæг цы хæры, уыцы хæринæгтæ, цы нуазы, уыцы нуазинæгтæ хæрын æмæ нуазын кæй нæ уадзы, уый тыххæй бардзырд. Ууыл бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæ иу бæрзонд хицау, паддзах кæй хордта, ахæм хæринаг сцæттæ кодта æмæ фæдзырдта иннæ стыр хицаумæ, цæмæй иумæ сихор бахæрой.

Фæссихор уазæг Ануширванмæ ныффыста, чи йæ суазæг кодта, ууыл комдзог рацыд. «Æз уый мæхæдæг федтон æмæ мæ бон дæуæй уый бамбæхсын нæу», – фыста нымудзæг.

Комдзог рацæуæг Ануширванæй райста, паддзах ын йæ писмойы чъылдымыл кæй ныффыста, уыцы дзуапп: «Мах дæ æппæлæм æмæ стыр аргъ кæнæм дæ иузæрдиондзинад æмæ æнувыды тыххæй, бардзырд фехалæгæн та карз тæрхон хæссæм. Уæлдайдæр та, сусæггаг хъахъхъæнын кæй нæ зоны æмæ йæ дæу хуызæттæн кæй раргом кæны, уый тыххæй».

**Фарс бацæттæ кодта**
**ГАПБАТЫ Алетæ**

Æфсæддонты ерыстæ

# Хъыбыллæ æмæ картæйы æххуысæй

**Дзæуджыхъæуы парк «Дендрарий»-йы ацыд спортивон ориентацийæ 58-æм гвардион æфсады чемпионат.**



Кавказы регионты: Цæгат Ирыстон, Стъараполы край, Дагестан, Кæсæг-Балхъар, Мæхъхъæл æмæ Цæцæны чи 'рбынæттон, ерысты архайдтой ахæм æфсæддон хæйттæй 18 командæйы (се уæнгты нымæц – сæдæ адæймагæй фылдæр). Тæрхонгæнджытæ уыдысты Стъараполы крайæ. Дзыллон мадзалæн фадæттæ саразыны хъуыддаджы баххуыс кодтой нæ республикæйы Физикон культурæ æмæ спорты, стæй Культурæйы министрадтæ.

Спортсменты хæс уыд бæлвырд рæстæгмæ дæрддзæг (нæлгоймæгтæ – 6,4 километры, сылгоймæгтæ та – 5 километры) ацæуын æмæ 17 цæстдарæн объекты бацамонын.

Ерысты архайджытæ картæ æмæ хъыбыллæйы æххуысæй цæстдарæн объектты бынæттæ бæлвырд кодтой. Спортивон ориентацийы заман æфсæддон службæгæнджытæ кæй райсынц, уыцы зонындзинæдтæ сæ фæстæдæр хæстон хæслæвæрдтæ æххæст кæныны рæстæг бахъæуынц.

Хатгай навигацийы системæтæ хæстон уавæрты куы фæкъуыхцы вæййынц (ома, сæ батарейкæтæ куы слæмæгъ вæййынц), уæд æфсæддон службæгæнджыты бахъæуы хуымæтæджы фæрæзты: хъыбыллæ æмæ картæйы æххуысæй раст фæндаг ссарын. Ацы æууæл нымайгæйæ, хæстон хæслæвæрдтæ æнтыстджынæй æххæст кæнынæн æфсæддонтæ хъуамæ арæхсой хуымæтæджы фæрæзтæй (ома, картæ æмæ хъыбыллæйæ, æнæ электронон ифтонггæрзтæй) нывыл уагæй пайда кæнынмæ.

Ерысты архайджытæ дихгонд уыдысты дыууæ къордыл. Фыццаг къорды фæуæлахиз сты Дзæуджыхъæуы фистæгæфсæддон иугонды æфсæддон службæгæнджытæ, дыккаг æмæ æртыккаг призон бынæттæ та бацахстой Дагестан æмæ Мæхъхъæлы минæвæрттæ.

Дыккаг къорды æппæтæй хуыздæр бæрæггæнæнтæ равдыстой дзæуджыхъæуккаг зенитчиктæ, иннæ призон бынæттæм та рацыдысты нæ регионы радиацион, химион æмæ биологион хъахъхъæнынады иугонды специалисттæ æмæ цæгатирыстойнаг радиотехниктæ.

Ерысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ сараздзысты амынд æфсады командæ Хуссайраг æфсæддон зылды чемпионаты архайынæн.

**Нæ уацхæссæг**

Цæстæнгас

# Ирон адæмы мыггæгты национ хуызтæ

**Адæймагæн йæ адæмыхатты сæйраг бæрæггæнæн нысан у йæ мыггаг. Мыггаг æрмæст лæгмæ сидæн дзырд, кæнæ нырыккон хъуыддаджы рæсугъдгæнæн ном дæр нæу. Уый у, иу фыды цотæн искæцы адæмыхатты скондмæ бацæуыны бар чи ратты, ахæм герб, æмæ йæ национ хæдхуыз, йæ фарн, йæ зæлд цæуынц йемæ. Адæймагæн йæ удгоймаджы бæлвырдгонд гæххæтт фен кæнæ йæ бафæрс йæ мыггагæй, æмæ дын æй куы зæгъа, уæд уайтагъд базон, кæцы адæмыхатмæ хауы, уый. Афтæ у æгас дунейы, фæлæ, хъыгагæн, уыцы фæтк фехæлд Ирыстоны, куыд Цæгаты, афтæ Хуссары дæр. Ис нæм мыггæгтæ гуырдзиаг хуызтæй: Бибилуры, Хубулури, Хетагури, Пилаури... Уырыссаг хуызтæй: Бибилов, Хубулов, Хетагуров, Плиев... Ис нæм Бибилашвили, Хубулашвили, Хетагашвили, Пилишвили...**

Ирон мыггæгтæн ныртæккæ ис ирон национ æмæ уырыссаг тыхаразгæ формæтæ.

Куы акæсæм историмæ, уæд ирон мыггæгтæ XVIII-XIX æнусты фыст цыдысты гуырдзиаг хуызæй. Дæнцæгæн æрхæсдзынæн нæ зынаргъ Къостайы хабар. Уымæн йæ райгуырды гæххæтты (метрикæ кæй хонынц) фыст ис – Коста Хетагури, йæ фыд та райста грамотæ Уæрæсейы паддзахæй Хъырымы хæсты тыххæй 1856 азы – уым дæр фыст ис – Хетагури. Мæхи мыггагæй иу 1847 азы ралыгъди цæрынмæ Нары комæй Хуссар Ирыстонмæ Знауыры районмæ, æмæ йæ мыггаг фыст у афтæ – Хубежашвили. Хуссар Ирыстоны мыггæгтæ уырыссаг хуызтæм ахызтысты XX æнусы – Хуссар Ирыстоны автономон облæсть куы сырæзти, уæдæй – 1922 азæй.

Абон ирон адæм фылдæр сæ паспорты мыггæгты уырыссаг хуызтæ «ев»-тæ, «ов»-тæй ивынц æмæ фыссынц «ты»-тæ. Фæлæ ма ис иу сæйрагдæр хуыз ирон мыггæгтæн. Истори куыд амоны, афтæ XII-XIII æнусты уыдис ахæм мыггæгтæ – Цæразон, Сидæмон, Бибылон, Æгъуызон, Къусæгон, Цъæхилон æмæ афтæ дарддæр. Амæй бæрæг у, æмæ ирон мыггæгтæ уæд уыдысты суффикстимæ «он» кæнæ «ан».



Фæлæ ирон адæммæ абон ацы суффикстæ хауынц æрмæстдæр сылгоймæгтæм. Мæнæ куыд фыссы Уанеты З.Н.: «Благодаря женщинам сохранилась осетинская формæ записывания фамилии. Растдæр афтæ фыссы: «Окончания «он» и «ан» являются древними окончаниями осетинских родов, до сих пор сохранившихся только для женщин».

Абон нæм мыггæгтæ «он» («ан»)-тимæ фæзындысты. Иу сылгоймаг, Бибылты мыггагæй, цæры Индийы, у киноартисткæ, æмæ йæ мыггаг фыссы Бибилон, Хуссар Ирыстоны дæр иу сылгоймаг йæ мыггаг фыссы Кокион. Адон сылгоймæгтæ сты, фæлæ ма уыдис иу фыссæг Цæгат Ирыстоны – Фæрнион Къоста. Ноджы ма сæм æфтауын, фыссæг Плиты Грис йæ поэмæйы инæлар Плиты Иссæйы фыссы Иссæ Плионæй. Нæ номдзыд Сослан Давиды та фыссы Сослан Цæразонæй. Æз ацы хъуыддаджы тыххæй фæныхас кодтон нæ зындгонд историк Цыбырты Людвигимæ. Уый мын загъта, зæгъгæ, мыггæгты ацы хуызмæ ахизын тынг ахсджиаг у, фæлæ йæ аразын æнцон нæу. «Аланты Ныхас» дæр разы у ахæм хъуыдыимæ, фæлæ, зæгъынц, йæ аразын, æцæгдæр, зын у.

Мæнмæ гæсгæ, дзы ницы зындзинæдтæ ис. Абон йæ мыггаг кæмæн куыд фыст у, афтæмæй баззайæд. Фæлæ, сывæллæттæ куы райгуырынц, уæд сæ ныффыссæм ирон мыггæгты хуызтæй. Æмæ афтæмæй 50 азы фæстæ ирон мыггæгтæ уыдзысты ног хуызты, абон Европæйы куыд ис, афтæ: Еманиул Макрон, Борис Джонсон, Джордж Вашингтон, Исак Ньютон, Ален Делон.

Цы хорздзинæдтæ ис ам?

1. Ирон мыггæгтæ уыдзысты иухуызон, куыд лæгтæн, афтæ сылгоймæгтæн дæр. Абон лæджы мыггаг ивд цæуы «ов»-ыл, сылгоймæгтæн «ова» («ева»)-тыл. Ирон адæммæ та нæй «род» – лæг æмæ сылгоймагæн. Дих нал цæудзысты.

2. Абон бирæ мыггæгтæ æмхуызæттæ систы æндæр æмæ æндæр адæмыхæттытæн. Дæнцæгæн: Валиев, Плиев, Басаев... ис бирæ нацитæм.

4. Европæйаг ахуыргæндтæ æдзухдæр ирон адæмæн аргъ кодтой – Миллер, Шегрен, Дюмезиль, Клапрот. Амæй фæстæмæ та нын фылдæр аргъ кæндзысты.

Кæронæй мæ фæнды, цæмæй ирон интеллигенцийы минæвæрттæ зæгъой сæ хъуыдытæ ацы темæйыл.

**ХУЫБЕЖТЫ Шалва, ЦИПУ-йы физикон-математикон наукæты доктор, профессор**

Афæлгæст

# Премийы лауреатты чиныджы – йæ уацмыстæ

**Рацыд Национ литературон преми «Афæдзы поэт»-ы 48-æм чиныг 2020 азæн (рацыд Мæскуыйы «Рауагъдад РСП»-йы 2021 азы). Раздæр ыл никуы фембæлдтæн æмæ йæ кой ныртæккæ уымæн кæнын.**

Чиныджы разныхасы преми «Афæдзы поэт»-ы Оргкомитеты сæрдар Дмитрий Кравчук фыссы: «Рацыд национ литературон преми «Афæдзы поэт»-ы радон чиныг. Уый æвдыст цæуы Стыр жюрийы уæнгтæм. Уырдæм хауынц профессион литератортæ æмæ культурæйы архайджытæ. Уыдон бæрæг кæнынц премийы лауреатты 2020-æм азæн.

Чиныг ноджы рацæуы кæсджыты тыххæй, уæлдайдæр, ног нæмттæ базонын кæй фæнды, уыдонæн Альманахты сери премийы номинантты уацмыстимæ – уый у ног литературæйы стыр сывæлдæг – фыст æрцыд Уæрæсейы æппæт регионты, æмæ уый æдде – фысджыты уацмыстæй.





Се 'хсæн ис бирæ курдиатджын автортæ. Уыдонæй æдзух хъæздыг уыд нæ бæстæ.

Премийы оргкомитет бацархайдта, цæмæй ацы чиныджы уой хуыздæр авторты уацмыстæ. Стыр жюри сбæрæг кæндзæн, «Афæдзы поэт»-ы кæронбæттæны чи архайдзæн æмæ уæлахиздзау чи суыдзæн, уый. Премi лæвæрд æрцæуы Поэзийы дунеон бон кадджын уавæры». Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ мæм ацы чиныг æрбахаста Борыхъуаты-Абайты Азæ. Хойы цыд мæм барджынæй æрбакодта æмæ мын æй йæ къухфыстимæ балæвар кодта. Ис ын дзы цыппар æмдзæвгæйы.

Борыхъуаты-Абайты Азæ йæхæдæг райгуырд Гуырдзыстоны Хъазыбеджы. Мыхуыр кодта Уæрæсейаг Фысджыты цæдисы альманахты. Хорзæхджын æрцыд майдан «Маяковскийыл 125 азы».

**АБАЙТЫ Эдуард**

Дыгуры районæй

# Хъомылгæнджытæ æмæ ныййарджыты иумæйаг куыст

**Дигорайы сывæллæтты рæвдауæндон «Дюймовочка»-йы æрцыд æхсызгон цау – ам саразтой конкурс-æркаст «Рæвдауæндоны хуыздæр участок».**

Мадзалы нысан уыд рæвдауæндоны æрвылбоны цардмæ ногдзинад бахæссын, сывæллæттæн нывыл уавæртæ саразын, хъомылгæнджытæ æмæ ныййарджыты 'хсæн ахастдзинæдтæ фенгомдæр кæнын æмæ уый руаджы национ проект «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ»-йы нысантæ сæххæст кæнын.

Конкурсы архайынмæ рæвдауæндоны кусджытæ æмæ сæ хъомылгæнинæгты ныййарджытæ сæхи иумæ бацæттæ кодтой, афтæмæй рæвдауæндоны фæзуаты аивгонд æрцыдысты фондз хъазæн фæзы æмæ зонындзинæдтæ уæрæхдæргæнæн участокы. Уыимæ, кæрæдзийæ хицæн кодтой тематикæйæ, алчидæр дзы уыд хæдхуыз.



Конкурсы архайдтой цæттæгæнæн къорд, хъомылгæнæг – Æбаты Маринæ, йæ участок хуыйны «Наулæууæн» («Причал»); хистæр къорд, хъомылгæнæг – Мæхæмæтты Эльзæ, йæ участокы темæ – «Цины хæдзар»; дыккаг хистæр къорд, хъомылгæнæг – Гоститы Алинæ, йæ участок – «Арвæрдыны æрдуз»; астæуккаг къорд, хъомылгæнæг – Гергиты Динæ, проект «Зефирон дзæнæт»-имæ; дыккаг кæстæр къорд, хъомылгæнæг – Елойты Тамарæ, йæ участок – «Уазæгуаты – аргъаумæ».

Конкурсы архайджытæ се 'ппæт дæр зæрдиагæй бацархайдтой, сæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ, уымæ гæсгæ жюрийæн зын уыд иу хъуыдымæ æрцæуын. Æппынфæстаг сбæрæг сты уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ. Дыууæ гран-прийы саккаг кодтой «Наулæууæн» æмæ «Цины хæдзар»-æн. Дыууæ фыццаг бынаты адих кодтой «Зефирон дзæнæт» æмæ «Уазæгуаты – аргъаумæ». Дыккаг бынат та бацахста «Арвæрдыны æрдуз». Конкурсы архайджытæн саккаг кодтой грамотæтæ æмæ зынаргъ лæвæрттæ. Фæлæ, æвæццæгæн, сæйрагдæр у, рæвдауæндоны фалдзустæ сæ хуыз кæй скалдтой æмæ сæм цæст кæсынæй кæй не 'фсæды, уый.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

# Дзырдбыд

**ФÆРСЫРДÆМ:** 7. Сæндæг. 8. Бирæ иумæ. 9. Хъæдын уидыг. 14. Æрхæцæн нысан. 15. Йæ ус кæмæн амард, ахæм лæг. 16. Лæгхуыз сылгоймаг. 17. Тæхæг маргъ. 21. Рагон хорбарæн дзаума. 22. Дондæппал. 23. Спорты хуыз. 24. Хиды цæджындз. 25. Хос амадæй. 26. Нæртон, таучел. 31. Æдылыгонд. 32. Æфсæддон цин. 33. "Авд хо"-йæ иу. 34. Хъæдын похци. 36. Мыдыбындзыты гуппар. 38. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 40. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 41. Тæхæг маргъ. 42. Нарты Уырызмæджы бæх. 43. Æнтыды бæзджын.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Ирон фыссæджы ном. 2. Зынаргъ гæххæтт. 3. Лыстæг бындз. 4. Хæхбæстæ Уæрæсейы. 5. Донгуырæн дзыхъхъ. 6. Аххос. 10. Ирон фыссæджы фæсномыг. 11. Маргъы мыггаг. 12. Цæугæдон æмæ штат АИШ-ы. 13. Латинаг алфавиты дамгъæ. 18. Загъдкъахæг. 19. Пъири. 20. Ирон журнал. 27. Бæласы мыггаг. 28. Æхцайы бæрц. 29. Хуызæн. 30. Стыр, бирæ дон. 35. Ирон поэты ном. 36. Ирон хæринаг. 37. Халсар. 38. Бирæ бæлæстæ. 39. Хæмпæлгæрдæг. 40. Къодахсæттæджы кусæнгарз.



## Дзуаппытæ 18 июлы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 4. Дзуг. 6. Гæды. 7. Асин. 9. "Симд". 11. Тузар. 12. Кадæг. 17. Æнтæф. 19. Бонгæн. 20. Къада. 21. "Фæндырдзæгъдæгæй". 22. Синаг. 24. Бадыри. 25. Заман. 29. Уыгæс. 30. Зымæг. 31. Къус. 33. "Дыса". 34. Алæф. 35. Ивар.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Едыс. 2. Æгад. 3. Тæраз. 5. Уираг. 8. Мугæ. 10. Сæгъ. 13. Æнæфсис. 14. Хосдзау. 15. Хæсгард. 16. Адмирал. 18. Фадыг. 20. Къæдз. 23. Азым. 26. Адæг. 27. Уæйыг. 28. Уылæн. 31. Каис. 32. Сарт.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Обслуживание колонок и котлов.
Тел.: 8-961-821-90-88.

Издательство «Респект»
работает над книгой
«2000 осетинских фамилий»
и собирает сведения об истории
их происхождения
и известных представителях.
Обращаться по адресу:
ул. Маркуса, 41а.
Тел.: 9-918-821-01-21.





Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.

Номыры радхæссæг редактор — **Хъойбайты Галинæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2381. Заказ № 794. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**